Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 30 (7274)
12 июль 2017 сон
АрбагI
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Аппараталъулаб совещание



10 июлалда райадминистрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь букIана иргадулаб аппараталъулаб совещание. Гьенир гIахьаллъана киналго райадминистрациялъул жавабиял гIадамал. Балагьиялде росун рукIана ракьазул актуализация гьаби, неформалияб занятость, налогал ракIари ва гь. ц.

Налогал ракIариялъул бугеб хIалалъул бицун кIалъана экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуев. «I июлалде районалдаго гьеб бакIариялъул план тIубан буго 48 %. Ракьул актуализация гьаби ва неформалияб занятосталда хурхунги жигараб хIалтIи гьабулеб буго»,-ян бихьизабуна гьес.

Гьединго совещаниялда бихьизабуна районалдаса рахьарал спорталъул чемпионал кIодо гьаризе кколин. «Нильер районалдаса кIигоял Россиялъул чемпионаллъун рахъана. Гьеб буго районалъул цIар инабулел лъикIал лъугьа-бахьинал. Гьезда лъазе ккола гьезул гьайбатал ишаздаса районалъул гIадамал чIухIарал рукIин. Гьелда хурхун рохахинлъараб тадбир гIуцIизе ккола»,-ян бихьизабуна ГI. НурмухIамадовас.

Данделъиялда гьаризесел хIалтIабазда хурхун тIаде кколезе тIадкъаялги къуна.

## Хъизаналъул Къогун!

ХIурматиял Унсоколо районалъул гIадамал!

Къабул гьабе бищунго хинаб ва ракI-ракIалъулаб барки бищунго гвангъараб праздник хъизаналъул къоялда хурхун. Гьеб ккола хъизаналда жаниб рокьул ва ритIухълъиялъул праздник.

Чиясе хъизан ккола бищунго цIакъ мугъчIвалеб бакI, гIамал-хасияталъул ва хIурматалъул иццц, обществалда гIодоре риччан рукIиналъул, хIалхьиялъул ва дандеккеялъул къучI. Гьениб къучI лъола нилъер букIинеселъе, гьединлъидал кIудияб кIвар буго хъизаналъулал гIадатазул къимат гьабиялъул. КигIан щулияб хъизаналъул ячейка бугониги, гьелда бараб буго районалъул, республикаялъул ва улкаялъул цебетIей. Хъизаналъулал гIадатаздалъун щулияб буго нилъер район. Гьенир дагьал гьечIо щулиял, гьудуллъиялъулал хъизанал, гьединал хъизаназда куцала гIакълу-лъай цебетIурал лъимал. Нилъеца ракI-ракIалъулаб баркала кьола гIакъиллъиги лъикIлъиги кьучIое босулел хъизаназе.

Хас гьабун кIудияб баркала загьир гьабула щулияб гIамал-хасияталъулаб тарбия лъималазе кьолеб гIемер лъимал ругел хъизаназе. ГIолилазе ракI-ракIалъ гьарула щулияб сахлъи, гIемер гьаре хъизаналъулал гIадатал, нильер букIинесеб гIолеб гIел битIараб тарбия кьун куцазе. Щивасе гьарула щулияб сахлъи, битIккей, талихI-рохел. ЦIуне нужерго хъизанал, хинал рагIаби сайгъат гьаре нужерго хириял гIадамазе. Щулияб букIа абе щибаб г1уцIулеб хъизан районалда. Биччанте гьениб рокьул атмосфераялда тIалаб-агъазгун гIезе нилъер гIолеб гIел!

**ГIиса НУРМУХIАМАДОВ.**
**ХIурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетIер**

Имам Шамиль гьавуралдаса - 220 сон

## «Шамилил баракаталъ рехун тогеги нилъ!»

(МахIачхъалаялда тIобитIана гIелмияб конференция)

10 июлалда МахIачхъалаялда Гьудуллъиялъул Рокъоб букIана «Имам Шамиль и его эпоха» абураб темаялда гьес 220 сон тIубаялде буссараб гIелмияб конференция. Гьенив гIахьаллъана РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповги.



Конференция рагьулаго Дагъистаналъул БетIерас бихьизабуна имам Шамиль вукIанин общественниявгун политикияв хIаракатчи, цIар арав полководец, Северияб ва Западнияб Кавказалъул халкъазул кIудияв рухIияв гIалимчи, лидер,-абун.

-Дагъистаналъул тарихалда жаниб имам Шамиль гIадав личность вукIинчIо, гьечIо. Гьев ккола тIуванго живго ва жиндирго гIумро жиндирго ВатIаналъул, гIагараб Дагъистаналъул кьадру цIунизе кьурав инсан. ГIумроялъул ахиралда Россиялъул пачалихъалъул поданнийлъунги лъугьун, имам Шамилица нилъее васият гьабуна Россиягун ракълида гIумро гьабизе,-ян бихьизабуна Дагъистаналъул БетIерас. Гьесул рагIабазда рекьон гьеб дата кIодо гьабизе ккола Дагъистаналда жидерго тарих лъазе, гьез Кавказалъул рагъул хIасилал гьаризе, миллияб гIакълуялъулъ лъикIабщинаб бижиялъе, хадурккун дагIба-рагIи халкъазда гьоркьоб ккунгутIиялъеги.

«ГIурусазги кавказалъулазги жидерго би тIеялдалъун гьабуна хадубккунисеб гIумроялъе тIаса бищи, бихьизабуна Россиялъул ва Кавказалъул халкъазул гIаммаб къисмат букIин. Гьелъие символлъун АхIулгохIги гьабуна мемориалияб комплекс». Гьенибго БетIерас бихьизабуна 19 гIасру букIанин Шамилил гIасру, живго гIурус императорас рикIкIанин гьев гвангъараб личность,-абун. «ТIабигIаталъго гьесие кьун букIана кутакаб къуват, борхатаб лага-черх, бегIераб гIакъло, маххулаб сахлъи, сахаб жанисеб хIал. Гьесда лъикIго лъалаан магIарул халкъазул хIал, захIмалъаби, мурадал. Гьелъ ахIана Шамиль халкъалъул рахъалда вукIине. Иманлъунги вукIун бицана щивасул ращалъиялъул, ахIана исламалъул бацIцIалъиялде, какана халкъалда зулму гьабулел ханзабиги бегзабиги. Имаматалда феодалияб зулмуялдаса эркен гьаруна 130 азарго векьарухъан, 220 росу. МугIрузул ахIвал-хIалалда гьесда лъалаан оборонияб рагъ бачине. Гьелъие мисаллъун ккола Даргъоялда, АхIулгохIда гьес Граббел, Воронцовасул операциял рихьхизари».

-Республикаялъе гьадинал конференциял хIажат руго нилъерго тарих лъазе, Шамилил баракаталъ нилъго рехун течIого рукIине,-ян бихьизабуна ахиралдаги БетIерас.

ГIелмияб конференциялъул кIваралъул бицана МахIачхъалаялъул ва Грозниялъул епископ Варлаамица. Хадурги конференциялда гIенеккана имамасул гIумроялдасан гIемерал докладазухъ.

## ГIуцIиялъул комитеталъул данделъи



10 июлалъ тIобитIана имам Шамиль гьавуралдаса 220 сон тIубаялъул хIалтIаби гьариялъе гIуцIараб гIуцIиялъул комитеталъул данделъи. Гьеб бачана ГI. НурмухIамадовас. ГIахьаллъана бетIерасул замал М. ХIасанова, М. ХIамзатов, ГIолилазул, спорталъулгун туризмалъул отделалъул нач. А. МухIастанов, лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиев ва цогидалги.

Данделъиялда аслияб суал букIана мугIрузул халкъазул эркенлъиялъе гIоло къеркьарав Кавказалъул рагъул бахIарчи Шамиль имам гьавуралдаса 220 сон тIубаялде буссараб. Совещаниялда бихьизабуна юбилеялъулаб тадбир гьабизе бугин сентябрь моцIалда,-абун. Гьединго гIуцIиялъул комитеталъул членаз бихьизабуна гьеб ишалда хурхарал теннис ва спортивиял хIаязул, концертазулал тадбирал гьоркьоса къотIичIого тIоритIизе лъикIаб букIинин.

«Праздникалъулаб тадбир ине ккола тIадегIанаб даражаялда. Имам Шамиль вуго нилъер чIухIи. Нилъеда тIад лъун буго гьеб тадбир гIуцIадго иналъе жавабчилъиги. Гьединлъидал районалъул мустахIикъав вас кIодо гьавиялъе нилъеца кинабго гьабизе ккола»,-ян бихьизабуна муниципалитеталъул бетIерас.

Гьединго данделъиялда кIалъана ГI. ГIабдулаев, Л. МухIамадгIалиев, бицана имам Шамилил юбилеялда хурхун гIемерал тадбирал гьарунин.

Цогояб информационнияб хьулухъалъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаевас бихьизабуна школлъималазда гьоркьоб «Имам Шамиль: братство и дружбу народов я вам завещаю…» абураб темаялда сочинениял хъвазе конкурс лъазабун букIанин. Гьелъул хIасилал данде росанин, бергьаразе шапакъатал кьезе ругин праздникалъулаб тадбиралда,-абун.

Ахиралда ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна гьеб тадбир тIобитIиялде щивав чи жавабчилъигун валагьизе ккколин ва иш тIаде кколел гIадамазе кьуна тIадкъаял.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 30 (7174)*
*12 июль 2017 сон*



Почты день всемирный нынче,
Всем работникам — виват!
Будет счастье в жизни вашей
Еще много лет подряд.

Пожелать хочу здоровья
Всем сотрудникам сейчас
Радость, крепкое здоровье
Пусть всегда будет у вас!

9 июнь Почталъул хIалтIухъанасул къо

# ХIасилал лъикIал руго



Россиялъул почталъул къоялда цебе нижее жидерго хIалтIул хIакъалъулъ бицана Шамилькъалаялъул почтамталъул нухмалъулесул зам. ХIусейн ХIусейновас.

**-ХIусейн МухIамадович, почталъул хIалтIул бугеб хIалалъул чIванкъотIун бицани бокьилаан.**

-Нижер буго районазда гьоркьосеб почтамт. Цебе нижеца хъулухъ гьабулаан 4 районалъе: -Унсоколо, Хьаргаби, Хунзахъ, Гумбет районазе. Жакъа нижер лъикIаб хIалтIиги бихьун ва географиялъулаб рахъалъ гьаниб бугеб санагIалъиги хIисабалде босун тIад къан буго I3 районалъе хъулухъ гьабизе, гьениб буго 76 цолъи. Щибаб къойил I3 районалъул централде битIула нижеца почта. ГIисинал росабалъе ан-кьида жаниб 3 нухалъ щвезабула гьеб.

**-Гьаб техническияб цебетIеялъул, дуня-лалдаго захIмалъаби ругеб заманалда ну-жер хIалтIаби кьокь гьаричIого хутIун ругищ?**

-ГьабсагIаталда нижер буго логистика абулеб хъулухъ гьаби. Гьаниб унеб буго техническияб рахъалъ рукIалиде кквезаби. Цебе цIикIкIараб къадаралда посил-каби нижехъе щвей кватIулаан. Гьелъул хIасилалда гIуцIизе ккана авто-матизированнияб-гун сартировочнияб центр. Гьаб зама-наялда клиентасе интерес буго киб гьесул посилка бугебали лъазе, бокьулеб буго гьелда хадуб хал кквезе. Гьеб программаялъ рес кьола кида кибе посилка щун бугебали хадуб хал кквезе.




**-Гьеб программа нужер киналго отделениязда чIезабун бугищ?**

-Гьединаб программаялъул продукт щибаб отделениялда лъолеб буго. Гьаб соналъул октябралде щвезегIан киса-кибего лъезе хIисабалде босун буго гьеб. Щивав нижер клиентасухье щвезе буго посилка бугеб бакIалъул хIакъалъулъ информация.

**-Кин бугеб подпискаялъул иш?**

-БукIана заманa газетазе подписка гьабизе гIадамазул ин-терес хвараб. ГIадамаз гьеб хьваян абидал информация интернеталдасан щолин абулаан. Амма ахираб заманалда ахIвал-хIал кьучIдасанго хисана. ГIадамаза бичIчIана газета сунцаниги хисулареблъи. Гьеб гIодорги чIун хьизаналъего цIализе бегьулелъулха. Газета жидеего ва гIолеб гIелалъ цIализе бокьула ригь унезе. Гьелъие лъикIаб рес кьола нилъее газеталъ. Абизе бегьула газетазе подписка гьабиялъул лъикIаб гIадат тIад буссун бачIинилан. ГьабсагIаталда киналго районаз хIаракатаб кьагIидаялъ подписка гьабизе байбихьана. ГIагараб мацIалда рахъула гIемерал газетал. Гьелъ унго-унголъунги рес кьола жидерго гIагараб мацI бокьизе, цIунизе, гьеб тIагIунгутIиялъе хIалтIизе. ГIадамаз жигаралда хъвалел руго газетал гьабсагIаталда.

**-Дурго хIалтIулъ бищунго щиб дуе бокьулеб?**

-Дирго хIалтIулъ бищунго дие бокьула гьеб гIадамазе хIажатаб букIин. Гьеб гIадамазул тIалаб цIикIкIараб хIалтIи буго. Рохизе бачIуна росабалъе почтагун бачIунеб «хъахIилаб машина» бихьараб мехалъ.

**-Чанго моцIалъ цебе нужее вачIана цIияв нухмалъулев. Гьесул заманалда лъугьунел ругел хиса-басиязул хIакъалъулъ щиб дуца абилеб?**

-МухIамад ИсмагIилов хIалтIулъги коллективалъулъги хехго жувана. Нижер гьабсагIаталда республикаялдаго квешал гьечIел хIасилал руго. Подписка гьабиялъул рахъалъ ниж рачIана республикаялда кIиабилеб бакIалде. Дица цебеккунги абуна I3 районалъе нухмалъи гьабулеб бугин нижеца,-абун. Цебе чIезабеха гьелъул хIалтIул гIемерлъи. Киналго бакIазул хIалтIул бугеб хIал бербалагьиялда гьоркь букIине ккола. ГIемер хьвадизе ккола бакIазде, ай районазде. БакIазде нухалги лъикIал гьечIо. Гьединго ниж хIалтIизе ккола чIахIиял шагьаралгунги. Кин бугониги заманалда почта бакIазде щвезабиялде кидаго кIвар кьола нижеца, гьеб кидагосеб хьаравуллъиялда гьоркьги букIуна. Абизе ккола нухмалъулесул рахъалъги нижее битI ккаанин. Нижер буго кIудияб организация, кIудияб коллектив. ХIалтIулъ захIмалъабиги гьанир рихьичIого бицун ричIчIуларо. Амма МухIамад Макъсудовичасда нухмалъи лъикIго бачине кIолеб буго.

**-Жеги кинал хъулухъал гьарулел почтамталъ?**

-Нижеца кьола хIалтIи гьечIого хутIаразе, лъималазе, ветераназе, чернобылалъулазе пособиял. БачIараб кьоялъго нахъ бахъичIого бикьула гьеб.

**-Жеги кинал бергьенлъаби нужер ругел?**

-Плановиял показателазда хурхун ниж призовиял бакIазда руго. Араб соналъул хIасилазда рекьон ниж республикаялда лъабабилеб бакIалда руго. Гьеб кIудияб бергьенлъи бугин рикIкIуна дица.

**- Бице нужерго коллективалъул хIакъалъулъ.**

-Коллектив нижер буго гIолохъанаб, жавабчилъи бугеб, коммуникабельнияб, хIалтIиги бажарулеб. Нижер меседилаб правила буго гьурмада гьими букIин клиенталгун хIалтIулаго. КьуричIого тIуразарула корпоративияв этикаялъул кьагIидаби. РакI чIун абила нижер гьечIо дагIба-рагIиялъул хIалтIухъаби. Киназдехунго рагьарал ракIалгун рукIуна. Кидаго разиго рукIине руго нужгун дандчIвазеги, хIадур руго цадахъ рекьон хIалтIизе ва кумекалъе ратизе.

**-Празникалда цебе щиб гьарилеб коллегазе?**

-Дирго ва нухмалъиялъул рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула коллективалда профессионалияб праздник. Киназего гьарула щулияб сахлъи, битIккей ва хьизаналъулаб талихI.

**-Баркала интервьюялъухъ. Гьарула хIалтIулъ бергьен-лъаби! Цойги нухалъ баркула праздник!**

## С Днем российской почты

Уважаемые работники Шамилькалинского почтамта управления федеральной почтовой связи РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН - Филиала ФГУП «ПОЧТА РОССИИ»

От всей души поздравляем вас с профессиональным праздником!

Почта по-прежнему является неотъемлемой частью социально-производственной инфраструктуры общества и выполняет не только основную историческую обязанность – доставку почты, но также предоставляет информационно-коммуникационные услуги. Сегодня Почта России предлагает своим клиентам различные виды услуг, почта – это невидимая, но крепкая нить, связывающая всех нас.

Ответственность, компетентность, чувство долга всегда сопутствовали лучшим представителям почтовой профессии. Надеемся, что постоянный творческий поиск и энтузиазм, внедрение самых современных технологий, позволит коллективу почтовой связи достичь новых профессиональных высот, а нарекания на доставку корреспонденции уйдут в прошлое.

Желаем вам профессиональных и личных успехов, здоровья и благополучия! Пусть новости, которые вы приносите людям, всегда будут только хорошими!

**С уважением Глава администрации МО «Унцукульский район» Иса Нурмагомедов.**

## Почтамталда – дандчIвай

Россиялъул почталъул къоялда цебе, 9 июлалда ФГУПалъул «Почта России» филиалалъул хIалтIухъабигун дандчIвана «Унсоколо район» МОялъул цогояб информационнияб хъулухъалъул хIалтIухъаби. Гьениб районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул цIаралда гьез почталъулазда праздник баркана ва гьарана гьезие бергьенлъаби, чорхое сахлъи, гIумроялъулъ талихI.

ДандчIваялда Дагъистан Респуб-ликаялъул ФГУП «Почта России» филиалалъул хIалтIухъабазул хIал-тIулгун гьезул лъай-хъвай гьабуна филиалалъул нач. М. ИсмагIиловас, гьесул зам. ХI. ХIусейноваси. Гьес интервью кьуна СМИялъулазе жидерго хIалтIул хIакъалъулъ.

«Шамилькъалаялъул Почтамт ккола «Почта Россиялъул» филиал. Гьеб гIуцIун буго 76 отделениялдасан, хъулухъ гьабула Дагъистаналъул I3 районалъе. Организациялда вуго 600 хIалтIухъан, гьезул цIикIкIарисел ккола гIолилал. Коллектив буго гьудуллъи бугеб, щулияб. ГьабсагIаталда респуб-ликаялда подпискаялъул рахъалъ нижер филиал кIиабилеб бакIалда буго. ГIаммал хIасилазда рекьон гьеб буго лъабабилеб бакIалда.

Хинаб, гьудуллъиялъулаб кьагIидаялъ къабул гьаруна гьалбал коллективалъ, баркала загьир гьабуна гьабурав хIалтIуе районалъул администрациялъ лъикIаб кьимат кьуралъухъ.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№30 (7174)*
*12 июль 2017 сон*



Счастью нет теперь предела:
Получилось — без проблем!
Выбрать ВУЗ — большое дело,
Поступить дано не всем.

Молодец! Тобой гордимся
И желаем от души

Лучше всех тебе учиться,
Всё успеть и всё решить.

Быть на сессиях везучим,
А потом уйти в отрыв.
Впечатлений ярких — кучу!
Ты студент — ура! Прорыв!





# Чествование медалистов в районе



Сегодня, 6 июля в конференц-зале администрации Унцукульского района состоялась торжественная церемония вручения лучшим выпускникам 11-х классов 2017 года золотых медалей «За особые успехи в учении». Зал был полон молодых, красивых девушек и юношей, лучших и талантливых, представителей унцукульской молодежи. В этом году мы гордимся 31 медалистами. Любознательность, терпение, трудолюбие, ответственность и, конечно, бойцовский характер помогли нашим ученикам и ученицам достичь этих высоких результатов.

Это уже третье по счету торжественное награждение в столь представительной обстановке. Поздравляли медалистов за столь высокие достижения в учебе глава района Иса Нурмагомедов, заместители главы района Муи Гасанова, Сиражудин Арулмагомедов, и.о заместителя главы Магомед Гамзатов, председатель районного Собрания депутатов Казим Асадулаев.

Разделить радость детей по поводу успешного завершения и получения столь высокой награды и также поздравить, пришли помощники главы района Раисат Хайбулаева и Магомед Гаджиев, руководитель единой информационной службы Магомеднаби Хайбулаев, начальник отдела культуры А. Абдулаев,



ведущий специалист администрации по делам несовершеннолетних и их прав Патимат Нурмагомедова , представители управления образования, главы сельских поселений, директора школ, учителя, родители и многие другие.

Открыл и вел церемонию начальник отдела культуры А. Абдулаев. После его приветственных слов прозвучал гимн РФ.

Затем с поздравительной речью выступил глава муниципалитета Иса Нурмагомедов. В частности он сказал: «Дорогие дети, уважаемые родители и учителя! Сегодня для нас всех и для меня лично наступил один из счастливых и радостных дней. Все мы: администрация района, управление образования, директора школ и учителя, объединились когда- то для общей цели- обеспечить нашим детям достойное образование, а значит и достойное будущее. За 3 года нашей совместной работы количество медалистов увеличилось с 18 до 31. Хочу лично поблагодарить и отметить также родителей, которые оказали поддержку во всем и в учебе в частности, своим детям. Ведь без вашего активного участия в жизни детей не состоялось бы сегодняшнее столь прекрасное событие. Само образование означает образовать человека, в первую очередь. Если образовать человека, то его главным приоритетом станет учеба. Вот наша главная цель. Хочу заверить вас дорогие дети, что вы всегда можете полагаться на нашу помощь и поддержку во всех ваших начинаниях. Мы всегда готовы вам помочь.

Не могу передать, с какой гордостью я буду вручать вам медали. Сегодня глядя на вас, я с уверенностью могу сказать, что у нашего района будущее есть, прекрасное будущее.

От всей души позвольте мне поздравить вас с высокими достижениями и желаю вам, чтоб они имели свое продолжение. Также желаю вам широкой дороги в жизни, ярких успехов на избранном поприще, крепкого здоровья и настоящего



счастья! И каких вершин вы бы не добились, всегда помните, что ваш путь во взрослую жизнь начался здесь, в родном Унцукульском районе»,- сказал Иса Нурмагомедов.

После этого был зачитан список о награждении медалями «За особые успехи в учении» лучших выпускников школ района и Иса Магомедович вручал каждому награду. В количестве 31 медалиста из школ Унцукуля, Гимры, Шамилькала, Ирганая, Балахани и Майданска под бурные овации зала были приглашены на сцену, где глава района поздравил их и вручил медали.

С ответными словами благодарности от лица выпускников выступил медалист, победитель краеведческой олимпиады Басир Магомедов, который на пожелания выразил слова признательности и благодарности руководству района, педагогам и родителям, за доверие, оказанную помощь в достижении личных успехов, добрые напутствия, за поддержку, которую они всегда чувствовали, и пообещали всегда помнить о районе и работать для его блага и процветания.

Также с поздравлением медалистов и благодарственными словами в адрес администрации района выступили директор Шамилькалинской школы Газимагомед Газимагомедов и от родителей — Зулпа Муртазалиева.

В ходе чествования все выпускники-медалисты сделали общую фотографию с участниками торжественного мероприятия и главой муниципалитета Исой Нурмагомедовым.

Завершением этого прекрасного мероприятия стал фуршет организованный администрацией района, на котором всех присутствующих угостили прекрасной национальной кухней района.

8 июль - хъизаналъул Къо

# Хъизаналъул талихI



Генуб росулъа 90 сон барай Зубаржат МухIамадова жеги сах-саламатго йиго. Анкьго лъимералъул эбел – Зубаржатил рекIелгун рухIалъул тIугьдул руго Патlи, Асият, Аминат, Гlайна, Умагьани, Муслим ва Марьям. Гьелъул лъималазул руго I7 лъимер, гьезулги руго I3 лъимер. Бищун кlудияб къисматалъул сайигъатлъун гьелъ рикlкlуна жиндирго хъизан. Захlмалъи-къварилъялъухъ балагьичlого гьелда бажарана гьел мустахlикъал г1адамаллъун гlезаризе.

Бищун гьитlинаб лъимералъул дагьал санал рукlадго Зубаржатил рос хвана. Хъизан-лъимал хьихьизе ккана гьелда тlаде. Битl ккечlолъиялъги къварилъабазги чlезайичlо гьей магlарулай. Зубаржатил чlахlиял ясал, I2-I0 сон барал Патlиги Асиятги ана хlалтlизе бакlалъулаб колхозалде дояркабилъун. Нилъер заманалъул г1олилазда гьеб бичlчlизе захlматаб жо буго.10 сон барай Асият йикlана бищун лъикlал хlалтlухъабаздасан цояй.

Зубаржатил букlана хур-ахги гlи боцlиги жаниб бугеб гlемер кlудияб гьеч1еб магlишат. Лъималаз жидедаго гьоркьоб бикьулаан хъулухъ иш. Цояз рукъоб хlалтlи гьабун цогидаз гlи боцlи кваназабун бачунаан хIалтIи. Бажарухъе кумек гьабулаан эбелалъе. Зубаржат мукlурлъана - гьеб букlанин жиндие кlудияб кверчlвай,-абун.

Гьей кидаго нечечlо кинаб бугоники хlалтlиялдаса. Гьединго х1алт1изе ругьун гьаруна гьелъ лъималги. Кир х1алт1улел ругоники гьанже Зубаржатил лъимал рик1к1уна бажари бугел х1алт1ухъабилъун. Масала, Гlайна хlалтlана гlемерал саназ Ч1ик1аб ГЭС баялда, гьей йихьизаюна лъикlай хlалтlухъанлъун ва захlматалъул ветеранлъун. Цогидал Зубаржатил лъималги хlалтlана ГЭС баялда.

Гьанже лъималазда эбелалдехун хIурматгун ва баркалагун ракlалде щола жалго гlисинаб заман. Зубаржатица гlисинго куцана гьезулъ хъизаналъулал гIадатал, намус-яхl, рокьи, гьудуллъи ва цоцазул хlурмат гьабун бажари.

Гьабсаг1аталда гlемерисел гьелъул лъимал эбелалдаса рикlкlад руго жидерго гlумроялда. Рес ккарабго данделъула гьел эбелалъул рокъор. Хасго лъимал данде руссуна байрамазул къояз.

Сундулъ бугеб хъизаналъул талихl-рохел?,- абураб суалалъе Зубаржатица гьимулаго жабаб кьола: «Хъизаналъул талихl ккола малъаралъухъ гlанеккулел, мисалиял лъимал руклин,-абун. Гlумруялъ хĺалтlун жиндирго мисалалъ кьуна гьелъ захlмат бокьиялъул ва жавабчилъиялъул тарбия лъималазе. Бищунго цебе куцана гьезулъ цоцалъ хъизаналъулаб рокьи ц1унулеб бичlчlи буголъи. Гьединин Зубаржатица жакъа абулеб хъизан кколин киналъулго аслу ва бищун кlудияб гlумроялъул бечелъи,-абун.

**М. Султанова.**

# Республикаялъул къецазда – кIиабилеб бакI

Араб анкьалда рагIалде рахъана 63 республикаялъул туристлъиялъулгун край лъазабиялъул «Школа безопасности» абураб лъай кьеялъул организациязда гьоркьор гIуцIарал къецал. 7 июлалда гьел унел рукIана Казбек районалъул Дылим росулъ. Щибаб санайилго гьелъул гIуцIарухъабилъун цере рахъуна республикаялъул лъималазулгун гIолилазул туризмалъул ва край лъазабиялъул Центр.

Ункъго къоялда жаниб I4-I7 сонил гIумроялда ругел нилъер районалъул лъималазги спортивияб ориентированиялъе жидерго бугеб бажари бихьизабуна рохьоб тIобитIараб гьеб тадбиралда. Гьенир рукIана выживаниялъе тестовиял заданиял, контролиябгун туристическияб маршрут, туристлъиялъул техника, край лъазабиялъул викторина ва художественнияб хIаракатчилъи.

Къецазул бищунго кIвар бугеблъун бук1ана туризмалъул, лъелго хьвадиялъул ва пожарнияб эстафетаялъул техника, бищунго динамичнияблъун ккана къецазда жидерго физическияб хIадурлъи



ва бажари бихьизабизе лъималазе рес кьолеб дистанция.

БатIи-батIиял къецазда Унсоколо гIолел туристазул станциялъул командаялъ ккуна гьал хадусел бакIал: край лъазабиялъе – 2 бакI, ориентированиялъе – I бакI, суратазул конкурсалъе – I бакI, туртехникаялъе – 2 бакI, комбинировать гьабураб пожарнияб эстафетаялъе – 2 бакI, комбинировать гьабураб къуваталъулал упражнениязе – 2 бакI, туристлъиялъулал навыкабазе – 2 бакI, конкурсалъулаб программаялъе – 2 бакI.

ГIаммаб къагIидаялъ Унсоколо станциялъул команда ана призалъулаб тройкаялде гьоркьобе ва ккуна кIиабилеб бакI.

Имам Шамиль гьавун - 220 сон

# Имамасул ахирисеб хъала

Имам Шамилие жиндирго ахирисеб хъала базе бокьун букIун буго Гумбет районалъул Килалъ росдал РочIчIоб магIарда. Шамилил вас ГъазимухIамадица инсухъе хъвараб кагъаталда абулеб буго: «Нижеца кIвар бугел бакIал щула гьаруна, лъикIаб къасдалдалъун бараб Килалъ хъалаялъул къадал рорхана, щулалъизаруна. Нилъер бугеб хIалалъул хIисаб гьабун бана гьеб щулалъи ва нижер хьул буго гьелъул халгьабун хадуб мун разияв вукIинилан, дур шартIазде ва мурадалде данде ккелилан».

Гьеб хъалаялде тIаде кIанцIизе, пачаясул аскараз гьужум гьабизе санагIатал бакIал щула гьарун къан рукIана. Шамилица гьеб хъалаялде босана Имаматалъул буголъи, хазина, гIарадаби, тункIихарил нахърател, гьесда цадахъ хутIаразул къайи-къоно.

Амма, I859 соналъул ихдал гIурус пачаясул аскаралъ гIемераб гIарада бана гьеб хъалаялде. Генерал-фельдмаршал Барятинскияс хъвавухъе, «кIиго соналъ цебеккунго пачаясгун цадахъ нижеца хIадурун букIана Шамил сверун кквезе бигьаяб Гъуниб магIарде инавиялъул план»,-абун.

Араб гIасруялъул 60-абилел соназда Килалъ росулъа I20 сон барав Гъазияс ва гьесдаса гьитIинав ИсубхIажица бицунаан, имам Шамил кутакалда рази вукIун вугин гьеб магIарда букIараб рагъулъ бакълъулаз гьабураб жигараб гIахьаллъиялдаса, гьеб цIунизе гIемерал рагъухъаби рачIиналдаса.

**Исрапил ЗАИРБЕГОВ.**

*Дозул доба кин бугеб?*

# Японниялда ункъабилеб этаж батуларо

**ГIадатал**.

Чвердолел мехалъ японцал ваннаялъур гIодор чIоларо. Гьеб кинабго гьабула ваннаялдаса къватIибехун, хадуб ххулизе тIасан биччала лъим, гьеб мехалъ биччала жалго тIатIала ккезе бухIараб лъимги. Хъизаналда чан чи ватаниги, киназго цадахъ гьабула ванна яги душ. ГIемерисеб мехалъ чвердолеб лъедасан пайда босула черезе. 8 сон тIубазегIан къагIида хIисабалда лъимал чвердола эбел-инсуда цадахъ.

Япониялъул хъизаназда нормаялда бугеблъун ккола чIахIиял гIурал вац ва яц цоцада кIалъангутIи, гIемерисезда лъаларо цоцазул номералцин.

Хъизаналда гIарцул ихтияр букIуна чIужуялъухъ (гьей хIалтIулей гьечIони). Росас жиндирго карточкаялдаса щибаб моцIалъ гьелъие рехула гIага-шагарго 300 долларалде щвезегIан.

**ГьечIел жалазда божи (суеверие)**




Японцал руго гIемерисеб мехалъ гьадингоял жалазда божулел гIадамал. Масала, 4 цифраялъул иероглиф релъараб буго «смерть» абураб рагIул иероглифалда. Гьединлъидал хIалцин бихьуге гьезул больницаялда 4 леб этаж яги 4 леб палата батизе.

**Хьвада-чIвадиялъул къагIидаби**

Нужгун гаргадулаго япониялъулас бетIер хьвагIезабулеб бугони гьелъул магIна кколаро нужеда гьев рази вугилан абураб, гьелъул магIна ккола нужехъ гIенеккун вугин ва вичIчIулин абураб.

Япониялда гIемерисеб мехалда кванала лъамияб квен, масала, чурпа гIадаб, богIоллъи кванала гьелъулъ ччун. Нужецаги гьедин гьабулеб гьечIони гьелъул магIна ккола квен нужее бокьулеб гьечIин абураб, гьелда хозяйкаялъул ракI хвезецин бегьула. Японцаз чурпа куна чашкаялда жанибе тIун, гъоркь хутIараб бакъвалъи кванала хасал палочкабаз. Гъудал гьез хIалтIизаруларо.

Японцазул буго лъидаго бицунареб цо правила. ХIалтIизе яс цого ретIелги ретIун хадусел къояз ячIани гьез пикру гьабула ясалъ рокъоб сордо бачIин. Гьединаб пикру къватIибеги бицуна.

Столоваялда кваналаго гьезие кьоларо чаевые, гьеб хIакъир гьарилъун рикIкIуна. ГIемерисел ресторабазда чIван букIуна гьел учреждениязул хIалтIухъабазе лъикIаб мухь бугин лъазаби.

Японцал руго ракI бацIцIадал гIадамал. Нужер метроялъуб чадир хутIани, 99 % гьеб нужехъе тIад буссуна, ратарал жалазул бюроялде ани.


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 11 . 7. 17 г. 14. 20
фактически -16. 20 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.